



Asistans pou jwenn Manje SNAP :

Dènnye Modifikasyon Fevriye 2020

Imigran yo ak Responsablite Piblik

Administrasyon Trump la ap chanje yon règ imigrasyon ki rele “Responsablite Piblik.”¹ Sa se yon lis repons sou Kesyon Moun Poze Souvan ki eksplike kijan règ sa a afekte SNAP -- yon avantaj federal nan domèn nitrisyon ki ede fanmi a revni yo jwenn manje pou yo manje. SNAP ka ede fanmi ou rete an fòm, pwodiktif ak estab. **Avan ou pran nenpòt ki desizyon pou sispann avantaj fanmi ou ap resevwa yo, li enpòtan pou w konnen sa ki verite.**

Kisa Responsablite Piblik ye ?

Ofisyèl imigrasyon yo itilize tès Responsablite Piblik la pou decide si yon moun ka antre Ozetazini oswa si pou yo ba l yon Grinkat (Rezidan Pèmanan Legal). Ofisyèl yo ap konsidere sityasyon moun nan tankou : revni l, travay li, sante l, edikasyon l oswa konpetans, li sityasyon fanmi li, si li resevwa sèten avantaj federal, ak si yon esponsò te siyen yon « deklarasyon sipò. »

Pifò moun règ responsablite piblik la gen pou wè ak yo pa kalifye pou pwogram avantaj federal la. Se sèlman sitwayen ameriken revni yo ba ak sèten imigran « kalifye » ki nan peyi a legalman k ap kalifye pou SNAP.* Ajan yo pral gade sèlman si moun nan resevwa sèten avantaj, tankou SNAP, apre 24 fevriye 2020 (dat chanjman nan règ la ap an vigè).

Règ Responsablite Piblik la **gen pou wè** ak moun ki gen « Grinkat » k ap aplike pou yo vin sitwayen ameriken oswa pou renouvle grinkat yo. Règ Responsablite Piblik la pou gen pou wè ak pwogram tankou WIC, manje nan lekòl, oswa èd nan bank alimantè yo.

Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon oswa jwenn èd ?


- ⇒ Al gade nan Protectingimmigrantfamilies.org/know-your-rights oswa Masslegalservices.org/publiccharge.
- ⇒ Ou ka an mezi pou jwenn èd nan men yon avoka imigrasyon. Pou yon lis dokiman yo, al gade nan : Masslegalservices.org/publiccharge.
Nou rekòmande ou rele avan pou konfime si òganizasyon an ka pale avèk ou sou kesyon ou yo.
- ⇒ Pou w jwenn èd pou w aplike pou SNAP oswa pou jwenn manje nan kominote w la :
Rele Liy Ouvè Project Bread’s FoodSource la 1-800-645-8333
- ⇒ Kontakte MLRI si ou se yon òganizasyon nan Massachusetts ki gen kesyon konsènan regleman SNAP pou imigran yo :
Pat Baker nan pbaker@mlri.org (617 357 0700 x328) oswa Vicky Negus nan vnegus@mlri.org (x315)

Dokiman sa a se PA yon ranplasman pou konsèy jiridik yon avoka ki fòme nan zafè imigrasyon ka ba w. Si w aplike pou w ka fè yon manb fanmi w ki nan yon lòt peyi antre Ozetazini oswa si w ap cache pou w ajiste estati w lè w deja Ozetazini, ou dwe konsilte yon avoka imigrasyon.

¹ Jou ki te 27 janvyè 2020, Lakou Siprèm te pèmèt chanjman nan lwa responsablite piblik Administrasyon Trump la vin an vigè pandan yo te kontinye ak aksyon legal nan tribinal yo pou decide si li byen fonde. Yon lòt fwa ankò, verifie ak resous yo ki anwo a pou dènnye enfòmasyon yo.


* Imigran ki « kalifye » yo gen ladan Rezidan Pèmanan Legal (moun ki gen « Grinkat » yo), refijye, moun gen azil, ak sèten imigran yo konn bat. Pou yon lis konplè imigran ki « kalifye » yo, al gade [Gid Pledwaye SNAP MLRI la](#). Kèk moun ki gen Grinkat bezwen tann 5 lane pou yo jwenn SNAP, men timoun oswa imigran ki gen andikap grav yo pa bezwen tann tout tan sa a. SNAP pa disponib pou imigran ki san papyè, ki gen TPS, DACA, viza U, oswa ki gen yon aplikasyon an atant pou yo vin legal oswa yo pa imigran (pa egzanzp, etidyan/vizitè).

Kisa w dwe konnen sou Responsablite Piblik ak SNAP si w GEN yon grinkat :



Remak : Pou kalifye pou SNAP, moun ki gen grinkat yo pratikman dwe gentan gen grinkat la depi 5 lane sofsi yo se yon timoun ki pako gen 18 lane, yo se yon moun ki gen yon gwo andikap, yon moun ki te konn abitye travay oswa ki te gen estati imanitè tankou refijye oswa moun ki te pran azil. Al gade *nòt ki anba paj la pou plis enfòmasyon.

Kisa w dwe konnen sou Responsablite Piblik ak SNAP si w PA GEN yon grinkat :



^ Imigran adilt yo ki pa kalifye pou SNAP ka an mezi pou yo jwenn SNAP pou moun lakay yo ki kalifye tankou pitit yo ki se sitwayen ameriken. Si yo ba w yon kat EBT (ki gen non w sou li) pou yo, avantaj ki gen nan kat la se pou moun lakay ou ki kalifye a li ye.